

**AVI SA A DEKRI FASON NOU KAPAB ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL EPI ENFÒMASYON SOU PWOBLÈM ITILIZASYON SIBSTANS OU YO, ANSANM AK FASON OU KAPAB GEN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI BYEN EGZAMINE LI.**

**Aranjman pou Swen Sante Òganize.** St. Elizabeth Healthcare ap patisipe nan yon pwogram swen klinik entegre kote, an jeneral, pasyan yo konn resevwa swen sante nan men plis pase yon founisè swen sante. Yo rele aranjman sa a yon Aranjman pou Swen Sante Òganize (Organized Health Care Arrangement, oswa OHCA) selon lwa federal ki jere kesyon konfidansyalite enfòmasyon sou sante pasyan yo. Sa vle di lè w resevwa sèvis nan St. Elizabeth Healthcare, ou kapab resevwa kèk sèvis pwofesyonèl nan men yon seri doktè pami Manm Pèsonèl Medikal nou an, rezidan yo, epi/oswa etidyan medsin yo, ki se pratisyen endepandan epi ki pa anplwaye oswa ajan nan St. Elizabeth Healthcare. Pratisyen endepandan sa yo te dakò pou respekte kondisyon ki nan Avi sa a lè yo ap bay sèvis nan St. Elizabeth Healthcare. Kidonk, Avi sa a aplike pou tout enfòmasyon sou sante w yo ki te kreye oswa nou te resevwa lefètke w se yon pasyan nan St. Elizabeth Healthcare. Sepandan, Avi sa a pa aplike pou pratisyen endepandan ki ap fonksyone nan klinik prive yo.

**Kiyès ki ap suiv avi sa a?** Nenpòt pwofesyonèl swen sante ki ap ba w tretman nan nenpòt nan anplasman nou yo, tout sèvis ak inite ki nan òganizasyon nou an (san wete tout inite oswa sèvis ki pa sou kanpis la), ak tout asosye ki anplwaye, manm pèsonèl ak volontè nan òganizasyon nou an, ap respekte pratik pwoteksyon vi prive ki dekri nan avi sa a.

**Angajman nou anvè w.** Nou konprann enfòmasyon medikal ou yo, san wete enfòmasyon sante pwoteje w yo (Protected Health Information, PHI) ak nenpòt dosye tretman Twoub Itilizasyon Sibstans (Substance Use Disorder, SUD), jan sa defini nan 42 CFR Part 2 (Pati 2) a, se bagay pèsonèl. Nou pran angajman pou pwoteje enfòmasyon medikal ou yo. Nou kreye yon dosye konsènan swen ak sèvis ou te resevwa yo, yon fason pou ba w swen kalite epi pou respekte egzijans legal yo. Avi sa a aplike pou tout dosye swen nou konsève pou ou yo, kit se manm pèsonèl nan etablisman an oswa doktè pèsonèl ou a ki te kreye yo. Doktè pèsonèl ou a kapab gen politik oswa avi diferan konsènan fason doktè a ap itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou yo ki te kreye nan klinik doktè a.

**Objektif.** Nou gen obligasyon selon lalwa pou kenbe dosye PHI ak dosye tretman SUD ou yo konfidansyèl, pou ba w avi sa a konsènan responsabilite legal nou yo ak pratik konfidansyalite nou genyen anrapò enfòmasyon medikal ou yo, epi pou nou respekte kondisyon avi sa a ki an vigè aktyèlman.

**Chanjman nan Avi sa a.** Nou kapab chanje politik nou yo detanzantan, epi chanjman sa yo ap aplike pou enfòmasyon nou gen deja, ansanm ak enfòmasyon nou kolekte apre chanjman an. Si nou fè yon gwo chanjman nan politik nou yo ki afekte avi sa a, nou ap chanje avi nou an epi nou ap pibliye nouvo avi a nan etablisman nou yo epi sou sit entènèt nou an nan [www.stelizabeth.com](http://www.stelizabeth.com). Ou kapab mande yon kopi nan avi ki ajou a nenpòt lè. Nou ap ba w yon kopi nan avi ki ajou a chak fwa ou enskri. Epitou, nou ap mande w konfime ou te byen resevwa avi a.

**Konfidansyalite Dosye Medikal Pasyan ki gen Twoub Itilizasyon Sibstans**

Konfidansyalite dosye tretman SUD (dosye ki lye ak itilizasyon alkòl oswa dwòg, dyagnostik, pwonostik, oswa tretman yo te kreye oswa konsève nan kad yon pwogram ki kouvri sou baz 42 CFR Part 2 a) nou te konsève yo, enpoze plis restriksyon konsènan itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal sa yo. Pati 2 a aplike pou sèten pwogram gouvènman federal la ap finanse, epi kote objektif prensipal yo se bay tretman, dyagnostik oswa referans pou tretman SUD. Nan mezi kote lwa ki aplikab la menm pi estrik pase Pati 2 a sou fason nou kapab itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w yo, nou ap respekte lwa ki pi estrik la.

**Fason nou kapab itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou yo.** Nan kèk sikonstans, nou gen otorizasyon pou itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou yo (men, pa dosye tretman SUD yo) san nou pa jwenn otorizasyon alekri nan men w. Anba a, gen kèk egzanp konsènan lè nou gen otorizasyon pou fè sa:

**Notice of Privacy Practices**

Originated: 04/2003

Revised: 2/16/2026

Reviewed: 02/2026

File No: HIPAA P-01

Form No: 11219 SEH

**Tretman.** Nou ap itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou yo pou objektif tretman, bay doktè, enfimyè, teknisyen, ak lòt moun ki ap bay swen yo, an konfòmite ak Otorizasyon Medikal epi Divilgasyon ou te siyen epi w te ban nou an. Nou ap mete enfòmasyon sante w yo disponib pa mwayen yon sistèm dosye medikal elektwonik, pou founisè swen sante ki ap trete w yo. Pa egzanp, yon doktè ki ap trete w pou frakti nan janm nan etablisman nou an, kapab bezwen konnen si w dyabètik, paske dyabèt kapab ralanti pwosesis gerizon an. Yon enfimyè oswa yon konseye nan kesyon dyabèt kapab pale sou pwoblèm sante w yo avèk doktè w.

**Pèman.** Nou ap itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou yo, si sa nesèsè, pou objektif pèman, an konfòmite ak Otorizasyon Medikal epi Divilgasyon ou te siyen epi w te ban nou an. Pa egzanp, nou kapab voye enfòmasyon konsènan tretman medikal ou yo bay konpayi asirans ou an pou òganize pèman pou sèvis yo te ba w oswa nou kapab itilize enfòmasyon w yo pou prepare yon fakti pou voye ba ou oswa bay moun ki responsab pèman w yo. Nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou yo bay yon lòt antite oswa founisè swen sante pou pèman antite ki te resevwa enfòmasyon yo. Pa egzanp, nou kapab transmèt enfòmasyon yo bay konpayi anbilans ki ap mennen w lopital la, yon fason pou yo kapab prepare yon fakti pou ou oswa pou bay konpayi asirans ou an, pou sèvis anbilans lan.

**Operasyon Swen Sante.** Nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou yo pou soutni operasyon swen sante nou yo. Pa egzanp, nou kapab itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou yo pou egzamine sèvis nou yo epi pou evalye pèfòmans manm pèsònèl nou an. Epitou, nou kapab itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou yo pou jwenn yon avi medikal konsènan swen oswa tretman w yo.

Sof nan ka ijans medikal oswa lòt sitiyasyon espesyal yo, itilize ak divilge dosye tretman SUD ou yo pou kesyon Tretman, Pèman ak Operasyon Swen Sante egzijè konsantman w alekri. Konsantman alekri a kapab se yon sèl konsantman pou tout itilizasyon ak divilgasyon alavni pou kesyon tretman, pèman, ak operasyon swen sante, epi li ap valid jiskaske w anile konsantman an. Nou kapab pataje dosye tretman SUD yo pami manm pèsònèl ki nan menm pwogram Pati 2 a, oswa bay yon antite administratif ki konekte, lè sa nesèsè pou fè yon seri travay dyagnostik, tretman, oswa referans.

Pandan w se yon pasyan nan etablisman nou an, sof si w di nou lektrontrè, nou ap enskri non w, anplasman w nan lopital la, ak eta sante w an jeneral nan **repètwa pasyan** an (lè nou itilize tèm tankou “pasab” oswa “bon”). Nou ap pibliye enfòmasyon sa a bay nenpòt moun ki mande nou ou lè yo site non w. Nou kapab divilge **afilyasyon relije** w sèlman bay manm klèje yo, menmsi yo pa mande pou ou lè yo site non w. Si w pa vle pou nou pibliye enfòmasyon sa yo, tanpri, fè moun ki ap ede w pandan enskripsyon ak/oswa admisyon w lan konn sa.

**Sof si w di nou lektrontrè**, nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo (men pa enfòmasyon sou tretman SUD yo) bay yon manm fanmi w, zanmi w, ak lòt moun ou te idantifye kòm moun ki te enplike nan swen w. Si manm fanmi oswa zanmi w yo prezan pandan yo ap ba w swen yo, nou ap sipoze ou pa gen pwoblèm pou moun ki akonpaye w yo tande konvèsasyon an, sof si ou di nou lektrontrè. Nan ka yon katastwòf, nou kapab divilge enfòmasyon sante pwoteje ki enpòtan yo bay òganizasyon sekou yo tou, yon fason pou ede yo lokalize manm fanmi oswa zanmi w yo, oswa pou mete yo okouran konsènan anplasman w, eta sante w oswa lanmò w.

Nou kapab itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou yo nan kad efò pou **kolekte fon** pou soutni etablisman nou an, sof si ou di nou lektrontrè. Nou kapab itilize oswa divilge dosye tretman SUD yo pou kolekte fon sèlman si w te gen posibilite byen klè toudabò pou w chwazi pa resevwa kominikasyon ki gen rapò ak kesyon kolekte fon an. Epitou, nou kapab kontakte w pou fè w **sonje randevou yo** oswa pou mete w okouran oswa rekòmande w kèk **opsyon tretman posib ak lòt avantaj oswa sèvis ki lye ak sante** ki kapab enterese w.

Sou baz sèten kondisyon, nou gen **otorizasyon oswa lalwa egzijè** pou nou itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou yo nan sèten lòt domèn san w pa bay otorizasyon pou sa.

**Notice of Privacy Practices**

Originated: 04/2003

Revised: 2/16/2026

Reviewed: 02/2026

File No: HIPAA P-01

Form No: 11219 SEH

Pa egzanp, nou ap pibliye enfòmasyon medikal ou yo (san wete dosye tretman SUD yo) si nou sispèk ka abi oswa neglijan sou timoun, si nou kwè ou se yon **viktim abi, neglijan, oswa vyolans domestik**, epi si lalwa egzije pou nou rapòte maleng, blesi ak krim. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo (san wete enfòmasyon sou tretman SUD) pou **objektif sante piblik** tankou rapòte nesans ak lanmò, epi rapòte enfòmasyon pou anpeche epi kontwòle maladi; sepandan, nenpòt dosye sou tretman SUD nou divilge nan objektif sante piblik ap rete anonim, yon fason pou nou pa gen okenn rezon valab pou kwè yo kapab itilize enfòmasyon an pou idantifye w. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo (san wete enfòmasyon pou tretman SUD) bay yon ajans kontwòl sante tankou Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal la nan kad **aktivite kontwòl sante**, san wete, san se pa sa sèlman, reyalize yon odit oswa enspeksyon nan etablisman nou an. Epitou, nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo bay **medsen lejis ak direktè ponp finèb yo**, ansanm ak **ajans don ògàn yo** (pou pèmèt don ak transplantasyon ògàn ak tisi yo fèt pi fasil).

Nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo (men, pa dosye tretman SUD yo) pou objektif **konpansasyon travayè** si w blese nan travay la. Epitou, nou kapab divilge enfòmasyon medikal yo **lè lalwa otorize epi egzije sa**, tankou pou reponn yon demann **fòs delòd yo** nan yon seri sikonstans byen presi, epi pou reponn yon òdonans jidisyè, administrativ, oswa òdonans tribinal ki valid. Nou pa kapab itilize oswa divilge dosye tretman SUD yo nan kad yon **pwosedi jidisyè** kont ou, sof si w bay yon konsantman alekri separe oswa si yon tribinal bay yon òdonans. Menm nan ka yon òdonans tribinal, nou dwe ba w yon avi epi w dwe gen posibilite pou opoze ak li, epi òdonans lan dwe vini ak yon asiyasyon pou prezante oswa yon egzijans legal menm jan an, anvan pou nou divilge dosye yo. Epitou, nou kapab divilge enfòmasyon w yo (san wete dosye tretman SUD yo) nan kèk **sitiyasyon dijans** oswa pou **evite oswa diminye yon menas grav pou sante ak sekirite** yon moun oswa piblik la. Nou kapab pibliye enfòmasyon medikal ou yo si w se yon manm nan lame, jan sèvis fòs lame yo egzije sa, oswa si sa nesèsè pou **sekirite nasyonal oswa aktivite ransèyman**. Epitou, nou kapab divilge enfòmasyon medikal yo (san wete enfòmasyon sou tretman SUD) pou objektif **etid rechèch** medikal, lè yon Komite Revizyon Enstitisyonèl te apwouve itilizasyon sa a.

**Pou Echanj Enfòmasyon sou Sante.** Nou kapab patisipe nan youn oswa plizyè echanj enfòmasyon sou sante (HIEs) epi pataje enfòmasyon medikal ou yo sou fòm elektwonik pou tretman, pèman ak operasyon swen sante, bay lòt moun ki ap patisipe nan HIE yo. HIE yo pèmèt founisè swen sante w yo gen aksè epi itilize enfòmasyon medikal enpòtan ou yo ki nesèsè pou tretman ak lòt aktivite jiridik yo, yon fason ki efikas. Si w pa dakò ak echanj enfòmasyon sa a, nou kapab voye enfòmasyon sou sante w yo bay HIE nou ap patisipe ladan an, an konfòmite ak lwa ki aplikab la.

**Lòt Fason nou itilize enfòmasyon medikal yo.** Pifò itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapi yo (lè sa apwopriye), itilizasyon ak divilgasyon PHI pou objektif maketing, ansanm ak divilgasyon ki reprezante lavant enfòmasyon sante pwoteje ki nesèsite pou w bay otorizasyon alekri. Nan nenpòt lòt sitiyasyon avi sa a pa kouvri, nou dwe resevwa otorizasyon alekri nan men w anvan nou itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou yo. Si w chwazi ban nou otorizasyon pou itilize oswa divilge enfòmasyon yo, ou gen dwa pou anile otorizasyon sa a pi devan, lè w voye yon notifikasyon alekri ban nou konsènan desizyon w lan.

**Lòt Fason nou itilize enfòmasyon sou Tretman SUD.** An jeneral, lè Pati 2 a aplike nan òganizasyon nou an, nou kapab fè yon moun ki pa nan pwogram SUD a konnen ou se yon pasyan nan pwogram nan oswa nou kapab divilge nenpòt enfòmasyon ki idantifye w kòm yon pasyan SUD, sof nan ka ki otorize nan Pati 2 a. Sepandan, nou kapab itilize epi divilge dosye tretman SUD ou yo an konfòmite ak konsantman w bay nenpòt moun oswa kategori moun ou idantifye oswa, an jeneral, ou te deziyen nan konsantman w lan. Pa egzanp, si w bay yon konsantman alekri ki deziyen konjwen w oswa founisè swen sante w la, nou ap pataje enfòmasyon w yo ba yo jan sa ekri nan konsantman w lan. Nou kapab divilge dosye tretman SUD ou a nan yon **rejis santral** oswa bay nenpòt **pwogram jesyon oswa tretman sevraj** yon fason pou evite plizyè enskripsyon, grasa konsantman w bay alekri. Nou kapab divilge enfòmasyon ki soti nan dosye tretman SUD ou a bay moun sa yo ki nan **sistèm jistis kriminèl** la epi ki te fè

**Notice of Privacy Practices**

Originated: 04/2003

Revised: 2/16/2026

Reviewed: 02/2026

File No: HIPAA P-01

Form No: 11219 SEH

patipasyon w nan pwogram Pati 2 a vin yon kondisyon pou nenpòt desizyon nan kad yon pwosedi kriminel kont ou. Pa egzanp, si w bay konsantman w, nou kapab fè yon ajan tribinal konn eta sante w, nan kad yon akò jiridik oswa kondisyon pou kondanasyon. Nou kapab itilize oswa divilge enfòmasyon sou tretman SUD ou yo lè nou ap fè sèten **odit ak evalyasyon finansye, jesyon, oswa pwogram**. Ladan, kapab gen pataje enfòmasyon sou idantite w bay ajans nan gouvènman an ki ap finanse oswa jere pwogram Pati 2 a. Manm pèsònèl kalifye ki ap travay pou moun ki bay finansman, plan sante, òganizasyon amelyorasyon kalite, oswa antite ki responsab sipèvizyon administratif yo, kapab gen aksè nan enfòmasyon sa yo tou pou kesyon odt oswa evalyasyon. Si lwa nan Eta a egzije sa, epi avèk konsantman w, nou kapab rapòte nan **pwogram siveyans pou medikaman sou preskripsyon** ki aplikab nan Eta a, nenpòt medikaman nou te preskri oswa nou te bay. Ou kapab anile konsantman alekri ou te bay la alekri, sof nan mezi kote yon moun ki gen enfòmasyon yo legalman te deja aji sou baz konsantman w lan, epi sou baz restriksyon ki dekri anba a konsènan kesyon divilgasyon bay sistèm jistis kriminel la. Ou kapab anile konsantman an lè w kontakte St. Elizabeth Healthcare's Health Information Management Department, 1 Medical Village Dr., Edgewood, KY 41017.

**Dwa w genyen konsènan enfòmasyon medikal ou yo.** Nan pifò ka, **ou gen dwa pou resevwa yon kopi epi/oswa pou egzamine enfòmasyon medikal** nou konsève konsènan ou menm yo, sou demann alekri. Apre premye demann kopi a, nou kapab mande w yon frè pou kopi a, pou voye li nan kourye lapòs, oswa pou lòt materyèl yo. Si nou refize demann ou an, ou kapab soumèt yon demann alekri pou mande nou revize desizyon sa a. Nan kèk sikonstans, yon lòt pwofesyonèl swen sante ki gen lisans epi St. Elizabeth Healthcare chwazi, kapab egzamine demann ou an. Moun ki ap fè egzamen p ap moun ki te refize demann ou an. Nou ap respekte rezilta egzamen an. Sepandan, nan kèk sikonstans, refi nou bay pou yon demann ou te fè pou enspekte epi/oswa resevwa kopi enfòmasyon w yo, p ap mande revizyon.

**Ou gen dwa pou mande nou modifiye enfòmasyon medikal ou yo**, lè w soumèt yon demann alekri ki eksplike rezon ki fè w mande nou fè modifikasyon sa a. Nou gen dwa pou nou refize demann ou an si se pa nou menm ki te kreye enfòmasyon an, si li pa fè pati enfòmasyon medikal nou konsève yo, si li pa fè pati enfòmasyon nou t ap otorize w verifiye epi jwenn yon kopi, oswa si nou panse enfòmasyon sa a egzak. Si nou refize demann ou an, nou ap voye yon deklarasyon alekri ba ou pou eksplike rezon ki fè nou refize li a, epi avi a ap dekri pwosedi pou w suiv pou depoze yon deklarasyon alekri pou di w pa dakò. Si w pa soumèt yon deklarasyon alekri pou di w pa dakò, ou kapab mande pou demann modifikasyon ak refi alekri nou an atache ak nenpòt divilgasyon alavni konsènan enfòmasyon medikal ou yo.

**Ou gen dwa pou jwenn yon lis sitiyasyon kote nou te divilge enfòmasyon medikal ou yo**, lè w soumèt yon demann alekri pou sa. Nan lis sa a, p ap gen: divilgasyon ki fèt pou tretman, pèman operasyon swen sante; divilgasyon ki fèt dirèkteman pou ou; divilgasyon ou te otorize sou baz yon otorizasyon ki siyen; divilgasyon pou kesyon enskripsyon nan repètwa etablisman an oswa pou moun ki enplike nan swen w yo; ak divilgasyon ki fèt pou etablisman penitansye yo epi pou lòt objektif aplikasyon lalwa. Demann lan dwe endike peryòd tan ou vle kontabilize a, ki dwe pi piti pase yon peryòd 6 lane epi ki dwe kòmanse apre dat 14 avril 2003. Ou kapab resevwa lis la sou fòm papyè oswa sou fòm elektwonik. Premye demann lis divilgasyon nan yon peryòd 12 mwa, gratis. Nou kapab mande yon frè pou nou bay demann anplis yo. Nou ap fè w konn frè yo anvan nou fè nenpòt depans.

**Epitou, ou gen dwa pou nou mete w okouran si gen yon vyolasyon nan enfòmasyon sante pwoteje w yo ki pa sekirize.**

Si nou te voye avi sa a ba ou sou fòm elektwonik, **ou gen dwa pou mande yon kopi nan avi sa a sou papyè.**

**Ou gen dwa pou mande nou fè w jwenn enfòmasyon medikal ou yo yon fason ki konfidansyèl**, pa egzanp, lè nou voye kourye lapòs la nan yon Bwat Postal olye nou voye li nan adrès kay ou, lè w fè nou konnen alekri fason byen presi oswa anplasman byen presi pou nou itilize pou kominike avèk ou. Nou p ap mande w rezon ki fè w fè demann ou an. Nou ap reponn tout demann ki rezonab yo, men, nou kapab pa anmezi pou dakò ak demann ou an.

**Notice of Privacy Practices**

Originated: 04/2003

Revised: 2/16/2026

Reviewed: 02/2026

File No: HIPAA P-01

Form No: 11219 SEH

Ou kapab mande nou alekri, pou nou pa itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou yo pou kesyon tretman, pèman oswa operasyon swen sante, oswa bay moun ki te enplike nan swen w yo, sof si ou otorize sa yon fason presi, si lalwa egzije sa, oswa nan ka yon ijans. Ou gen dwa pou mande yon restriksyon pou nou pa pibliye bay plan sante w la, enfòmasyon ki lye ak sèvis swen sante nou te ba w epi w te peye nou dirèkteman pou yo okonplè, lè objektif divilgasyon an se pou pèman plan sante a oswa pou operasyon plan sante. Nou pa oblije aksepte lòt kalite demann yo. Si nou dakò, nou ap respekte demann ou an sof si enfòmasyon yo nesesè pou ba w tretman annijans.

**Avi sou Nouvo Divilgasyon**

Benefisyè a kapab re-pibliye enfòmasyon medikal nou te divilge nan kad Avi sa a, epi enfòmasyon sa yo p ap pwoteje sou baz HIPAA a ankò. Lwa ki aplikab pou benefisyè a kapab limite kapasite li genyen pou itilize epi divilge enfòmasyon medikal li resevwa yo – pa egzanp, si benefisyè a se yon lòt antite ki soumèt anba lwa HIPAA oswa Pati 2.

**Avi Kont Diskriminasyon**

St. Elizabeth Healthcare pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, kwayans, orijin nasyonal, relijyon, sèks, orijin etnik, laj, andikap, lang, oswa sitiyasyon sosyo-ekonomik.

**Plent**

Si w enkyè dèske nou kapab vyole dwa sou vi prive w la, dèske w kapab viktim zak diskriminasyon, oswa si w pa dakò ak desizyon nou pran konsènan aksè nan dosye w yo, ou kapab depoze yon plent alekri nan Biwo Pwoteksyon Vi Prive nou an (ki ekri anba a). Pou fini, ou kapab voye yon plent alekri nan Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken (U.S. Department of Health and Human Services). Biwo Pwoteksyon Vi Prive nou an kapab ba w adrès la. Nan okenn sikonstans, ou p ap resevwa sanksyon oswa nou p ap fè reprezay kont ou paske w te depoze yon plent.

**Biwo Konfidansyalite HIPAA**

Si w gen kesyon oswa w bezwen plis èd konsènan Avi sa a, tanpri, kontakte Biwo Konfidansyalite HIPAA a (HIPAA Privacy Office) nan St. Elizabeth Healthcare, 1 Medical Village Dr., Edgewood, KY 41017, (859) 301-6266.

## Notice of Availability of Language Assistance Services and Auxiliary Aids and Services

**English:** SEH provides language assistance services and appropriate auxiliary aids, including electronic and written translated documents and oral interpretation, free of charge and in a timely manner, when such services are needed to provide meaningful access to an individual with limited English proficiency.

**عرب الية (Arabic):** الوثائق ترجمة خدمات ذلك في بما المناسبة، الإعانة ووسائل اللغوية المساعدة خدمات St. Elizabeth Healthcare مستشفى قدم ذوي للأفراد المجدية الوصول إمكانية لتوفير الخدمات هذه مثل إلى الحاجة عند المناسب، الوقت وفي مجانًا الشفهية، الفورية الترجمة وخدمات والمكتوبة الإلكترونية الإنجليزية اللغة في محدودة إجابة.

**မြန်မာ(Burmese):** St. Elizabeth Healthcare သည် အင်္ဂလိပ်ဘာသာစကားကျွမ်းကျင်မှုအားနည်းသော ပုဂ္ဂိုလ်အား အပြည့်အဝ ဝန်ဆောင်မှုရယူသုံးစွဲခွင့် ပံ့ပိုးပေးရာတွင် ဘာသာစကားအကူအညီဝန်ဆောင်မှုများကိုသာမက ဘာသာပြန်ဆိုထားသော အီလက်ထရောနစ်နှင့် လက်ရေးစာရွက်စာတမ်းများ၊ နှုတ်ဖြင့် စကားပြန်များအပါအဝင် သင့်လျော်သည့် အထောက်အကူပြု ဝန်ဆောင်မှုများကို လိုအပ်ပါက အချိန်နှင့်တစ်ပြေးညီ အခမဲ့ ပံ့ပိုးပေးသည်။

**繁體中文 (Chinese):** St. Elizabeth Healthcare 提供免费且及时的语言援助服务和适当的辅助设备，包括书面翻译电子文件和口译服务，以便与英语能力有限人士进行有效沟通。

**Cushite Oroomiffa (Oromo):** St. Elizabeth Healthcare tajaajila gargaarsa afaanii fi deeggersa meeshaalee dhageettii, dubbii fi arguu barbaachisoo ta'an, sanadoota elektirooniksii fi barreeffamaan hiikamanii fi turjumaana afaanii dabalatee, kaffaltii malee fi yerootti tajaajilli akkasii barbaachisutti, nama dandeettii Ingiliffaa murtaa'aa qabu tokkoof dhaqqabamummaa hiika qabu ni kenna.

**Nederlands (Dutch):** St. Elizabeth Healthcare biedt gratis en tijdig taalondersteuning en passende hulp, waaronder elektronische en schriftelijke vertaling van documenten en een tolk, wanneer dergelijke diensten nodig zijn om de toegankelijkheid tot de zorg te verbeteren voor personen met een beperkte Engelse taalvaardigheid.

**Deutsch (Pennsylvania Dutch):** St. Elizabeth Healthcare duett Lei helfe as Druwwel hen fer Englisch verschteh. Sell meent, sie kenne em Copies uff der Computer odder uff Babier griege vun Documents in Englisch as in differnti Schprooche getranslate sin. Sie kenne aa en Interpreter beigriegen wammer Hilf braucht fer schwetze mit ebber in Englisch. Des alles duhn sie unni as es em ennich ebbes koscht, un gschwind.

**Français (French):** St. Elizabeth Healthcare fournit des services d'assistance linguistique et des aides auxiliaires appropriées, y compris des documents électroniques et écrits traduits et une interprétation orale, gratuitement et en temps opportun, lorsque ces services sont nécessaires pour fournir un accès important à une personne dont la maîtrise de l'anglais est limitée.

**Deutsch (German):** St. Elizabeth Healthcare bietet kostenlos und zeitnah Sprachmittlungsdienste und entsprechende Hilfsmittel an, wie die schriftliche Übersetzung von Dokumenten im elektronischen und Papierformat sowie mündliche Dolmetscherdienste. Auf diese Weise soll Personen mit eingeschränkten Englischkenntnissen ein ungehinderter Informationszugang ermöglicht werden.

**Notice of Privacy Practices**

Originated: 04/2003

Revised: 2/16/2026

Reviewed: 02/2026

File No: HIPAA P-01

Form No: 11219 SEH

**हिंदी (Hindi):** अंग्रेज़ी का बहुत ज़्यादा ज्ञान न रखने वाले व्यक्तियों को सार्थक ऐक्सेस देने करने के लिए, St. Elizabeth Healthcare ज़रूरी होने पर, निःशुल्क और सही समय पर भाषा सहायता सेवाएँ और उपयुक्त सहायक उपकरण प्रदान करता है, जिसमें इलेक्ट्रॉनिक और लिखित अनुवादित दस्तावेज़ और मौखिक व्याख्या शामिल हैं।

**日本語 (Japanese):** St. Elizabeth Healthcare は、英語が苦手な人に意味あるアクセスを提供するために、電子的および書面による翻訳文書や口頭通訳を含む言語支援サービス及び適切な補助手段を、無料で適時に提供いたします。

**Kinyarwanda (Kirundi):** St. Elizabeth Healthcare irungika serevise z'ugufasha ururimi n'imfashanyo z'abantu bafise ingorane mu kwumva, harimwo n'inyandiko z'ivy'ubuhinga bwa none n'uguhindura inyandiko yanditse n'ugusemura amajambo, ku buntu kandi mu buryo bubereye, mu kiringo izo serevise zikenewe kugira umuntu atazi neza icongereza ashobore kuronka izo serivisi azitahura neza.

**한국어 (Korean):** St. Elizabeth Healthcare 는 영어 능력이 제한된 개인에게 의미 있는 접근성을 제공하기 위해 이러한 서비스가 필요할 때 무료로 적시에 전자 및 서면 번역 문서와 구두 통역을 포함한 언어 지원 서비스와 적절한 보조 도구를 제공합니다.

**नेपाली (Nepali):** St. Elizabeth Healthcare ले सीमित अङ्ग्रेजी प्रविणता भएका व्यक्तिलाई अर्थपूर्ण पहुँच उपलब्ध गराउन आवश्यक हुँदा निःशुल्क रूपमा र समयमै विद्युतीय र लिखित अनुवादित कागजात र मौखिक अनुवादहरू लगायतका भाषासम्बन्धी सहायता सेवा तथा उपयुक्त सहायक सामग्रीहरू उपलब्ध गराउँछ।

**ਪੰਜਾਬੀ (Punjabi):** St. Elizabeth Healthcare ਭਾਸ਼ਾ ਸਹਾਇਤਾ ਸੇਵਾਵਾਂ ਅਤੇ ਉਚਿਤ ਸਹਾਇਕ ਉਪਕਰਣ ਪ੍ਰਦਾਨ ਕਰਦੀ ਹੈ, ਜਿਸ ਵਿੱਚ ਇਲੈਕਟ੍ਰਾਨਿਕ ਅਤੇ ਲਿਖਤੀ ਅਨੁਵਾਦ ਕੀਤੇ ਦਸਤਾਵੇਜ਼ ਅਤੇ ਮੌਖਿਕ ਵਿਆਖਿਆ ਸ਼ਾਮਲ ਹਨ, ਮੁਫਤ ਅਤੇ ਸਮੇਂ ਸਿਰ, ਜਦੋਂ ਅਜਿਹੀਆਂ ਸੇਵਾਵਾਂ ਦੀ ਲੋੜ ਸੀਮਤ ਅੰਗਰੇਜ਼ੀ ਮੁਹਾਰਤ ਵਾਲੇ ਵਿਅਕਤੀ ਨੂੰ ਅਰਥਪੂਰਨ ਪਹੁੰਚ ਪ੍ਰਦਾਨ ਕਰਨ ਲਈ ਹੁੰਦੀ ਹੈ।

**Русский (Russian):** В больнице St. Elizabeth Healthcare бесплатно и своевременно предоставляются языковые услуги и другая помощь (в том числе услуги электронного, письменного и устного перевода), когда это необходимо, чтобы обеспечить полноценный доступ для лиц с ограниченным знанием английского языка.

**Srpsko-hrvatski (Serbo-Croatian):** St. Elizabeth Healthcare pruža usluge jezičke pomoći i odgovarajuća pomoćna pomagala, uključujući elektronske i pismene prevedene dokumente i usmeni prevod, besplatno i blagovremeno, kada su takve usluge potrebne da bi se obezbedio smislen pristup osobi sa ograničenim znanjem engleskog jezika.

**Español (Spanish):** St. Elizabeth Healthcare proporciona servicios de asistencia lingüística y ayudas auxiliares adecuadas, incluidos documentos electrónicos y escritos traducidos e interpretación oral, gratuita y oportunamente, cuando dichos servicios son necesarios para proporcionar un acceso significativo a una persona con dominio limitado del inglés.

**Tagalog (Tagalog):** Nagbibigay ang St. Elizabeth Healthcare ng mga serbisyo ng tulong sa wika at naaangkop na mga auxiliary na tulong, kabilang ang mga electronic at nakasulat na mga isinaling dokumento at pasalitang interpretasyon, nang walang bayad at sa napapanahong paraan, kapag ang mga naturang serbisyo ay kinakailangan para magbigay ng makabuluhang pag-access sa isang indibidwal na limitado ang kahusayan sa Ingles.

**Tiếng Việt (Vietnamese):** St. Elizabeth Healthcare cung cấp dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ và các phương tiện hỗ trợ phù hợp, bao gồm tài liệu dịch điện tử và văn bản cùng dịch vụ thông dịch, tất cả đều miễn phí và kịp thời khi các dịch vụ đó cần thiết cho cá nhân có trình độ Tiếng Anh hạn chế.